



Charlie Crist  
Gouvènè

Ana M. Viamonte Ros, M.D., M.P.H.  
Direktè sèvis sante Eta a

Lillian Rivera, RN, MSN, PhD, Administratè

12 oktòb 2009

Chè Paran/Gadyen,

Depatman Lasante Konte Miami-Dade panse se nesesè pou l founi w enfòmasyon osijè vaksinyon kont lagrip H1N1 lane 2009 la. Lagrip H1N1 se yon nouvo viris ki pwovoke maladi kay moun. Moun ki genyen mwens pase 24 lane reprezante gwoup moun ki pou resevwa vaksen sa a an premye. Nou vle pou tout timoun nan peyi a gen opòtinite pou yo pwoteje lè yo resevwa vaksen sa a.

**Si piti w gen yon doktè prive**, nou ankouraje w pou kontakte doktè pitit ou a pou w konnen si li genyen vaksen an disponib e si li rekòmande l pou pitit ou a. Anpil biwo doktè pral resevwa vaksen sa a nan fen mwa oktòb la. Tanpri pran yon randevou ak doktè pitit ou a pi bonè posib.

**Si pitit ou a pa gen doktè oswa ou pa genyen asirans sante**, enfimyè lekòl la ap ofri timoun lekòl yo vaksen H1N1 a **gratis**.

Gen de kalite vaksen H1N1 ki disponib. Gen youn se yon vaporizatè kòmka yon espre pou moun aspire nan nen yo e lòt la se yon enjeksyon kòmka yon piki yo bay nan bra. Doktè a va chwazi kilès kalite vaksen ki pi bon tou depann si pitit ou a soufri avèk alèji oswa nenpòt lòt pwoblèm medikal. Anvan li pran vaksen an, diskite avèk doktè a nenpòt pwoblèm sante pitit ou a kapab genyen, espesyalman si li alèjik avèk ze. Tou depann laj pitit ou a, yokapab bay vaksen a nan de dòz oswa yon sèl dòz. Timoun ki poko gen dis lane kapab bezwen de dòz vaksen.

Tanpri li dokiman sa yo : Konsantman Paran/Gadyen, Enfòmasyon sou sèvis yo, Enfòmasyon sou vaksen a e Lwa ki konsènen Transfè ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA). Si w ta vle lekòl la vaksinen pitit ou a lè vaksen a disponib, [se pou w ranpli fòm Konsantman ak Founiti Sèvis yo](#). Tanpri detache de (2) fòm Enfòmasyon sou Vaksen pou Lagrip H1N1 pou lane 2009 la (Enfòmasyon ou dwe konnen) ansanm ak enfòmasyon sou asirans sante a (HIPAA) pou w li avèk atansyon.

Si w genyen nenpòt kesyon, tanpri san pwoblèm kontakte Depatman Lasante Konte Miami-Dade nan 305-324-2400. Nou remèsye w anpil e nou swete w oumenm ak fanmi w yon bon lane eskolè avèk yon bon sante.

Avèk senterite,

Fermin Leguen, MD, MPH  
Doktè-Chèf, Depatman sante Konte Miami-Dade



Fermin Leguen, MD, MPH, Doktè-Chèf  
Direktè, Epidemyoloji, Sèvis Kontwòl maladi ak Vaksinyasyon  
Depatman Sèvis sante Konte Miami-Dade  
8600 NW 17th Street, Suite 200, Miami, FL 33126  
Telefòn : 305-470-5660 Faks : 305-470-5533  
Website: [www.dadehealth.org](http://www.dadehealth.org). Imèl : [Fermin\\_Leguen@doh.state.fl.us](mailto:Fermin_Leguen@doh.state.fl.us)

